

KONSÈY POU FANMI YO KÒMANSE

Itilize TalkingPoints pou patnenarya solid ant fanmi yo ak lekòl la

Byenvini Fanmi yo!

Nou kontan anpil entwodwi w a TalkingPoints, yon zouti pisan ki fèt pou ede ou rete an kontak ak pwofesè timoun ou yo epi sipòte edikasyon pitit ou a. Lè w respekte mach a suiv sa yo, ou ka asire ke w ap itilize resous ki gen anpil enpòtans sa a nèt e w ap favorize yon patnenarya solid ak pwofesè pitit ou a.

Pare pou kòmanse! Pa gen konfigirasyon ki nesèsè

W ap resevwa mesaj nan men pwofesè pitit ou a pa mwayen SMS otomatikman amwenske ou chwazi telechaje aplikasyon TalkingPoints lan e ou konekte. Sa vle di ou ka kòmanse benefisyè de TalkingPoints lapoula, san oken lòt etap. Si w ta prefere yon eksperyans nan aplikasyon an, [telechaje aplikasyon an](#) epi konekte lè w itilize nimewo telefòn mobil ou a.



Anrejistre Nimewo Pwofesè a nan Telefòn ou

Si ou poko konekte nan aplikasyon TalkingPoints pou Fanmi yo, ou pral resevwa mesaj nan men pwofesè yo ak anplwaye yo pa mwayen tèks mesaj. Lè sa a fèt, asire ou kenbe nimewo yo nan telefòn ou pou aksè fasil!

Pou iPhone: Klike sou nimewo telefòn anlè mesaj la, klike Info, klike "Create New Contact". (Kreye yon nouvo kontak)

Pou Android: Klike sou nimewo telefòn anlè mesaj la, klike Add to Contacts (Ajoute nan Kontak), klike sou "Create New Contact". (Kreye yon nouvo kontak)

Avantaj lè w itilize aplikasyon an

Byenke ou ka itilize TalkingPoints pa mwayen SMS nèt, gen plizyè avantaj lè w telechaje e ou itilize aplikasyon an. Ou ka [chanje preferans lang ou](#), aktive [mesajri pataje](#) pou kenbe tout manm fanmi an enfòm epi itilize [opsyon tèks pou pale a](#) pou kominikasyon kote w pa bezwen itilize men w. Anplis, TalkingPoints ofri sa yo ki vin annapre a:

- [TalkingPoints Ed 101](#): Defini Tèm Edikasyonèl Ameriken pou Fanmi yo - Sistèm edikasyon Ameriken an gen anpil tèm ak akronym fanmi ki pa gen yon karyè nan edikasyon pwobableman pap konnen sa yo vle di. Fonksyonalite sa idantifye tèm edikasyonèl Ameriken pou fanmi yo ki parèt nan mesaj yo.
- [Ede m konprann](#) - Sipò lapoula pou ede fanmi yo konprann! Ede m konprann bay konsèy pou pi byen konprann kontèks, tèminoloji, ak kontni jeneral yon mesaj lè w sempleman klike sou yon bouton.

Se chwa pa w si w vle resevwa mesaj sa yo, men aplikasyon an ofri fonksyonalite anplis ki ka amelyore eksperyans kominikasyon w. [Telechaje aplikasyon an](#) pou eksplore avantaj sa yo.

Èd ak Sipò sou TalkingPoints

Si ou gen okenn kesyon oswa ou bezwen èd, ekip sipò TalkingPoints lan pre pou ede. Kontakte nou lè w itilize opsyon "App Support" nan paramèt aplikasyon an, oswa voye yon imèl bay ekip Asistans pou Fanmi yo dirèkteman nan family@talkingpts.org